



Pou Piblikasyon Imedya: 22/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO DEVLOPMAN 60 INITE LOJMAN NAN PRI ABÒDAB EPI KI BAY SIPÒ NAN CORINTH

Devlopman zewo emisyon 24 milyon dola a gen ladan yon chofaj tèmik epi itilize enèji solè

Riverview Apartments gen ladan 30 apatman avèk sèvis sipò

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman Riverview Apartments, yon nouvo bilding apatman ki gen 60 inite nan abòdab nan vil Corinth, Konte Saratoga. Devlopman 24 milyon dola avèk zewo emisyon an gen ladan 30 inite sipò ki gen sèvis sou plas pou kay ki elijib yo. Nan senk ane ki pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te kreye oswa prezève plis pase 900 lojman nan pri abòdab nan Konte Saratoga. Riverview Apartments kontinye efò sa a ak konplete Plan Lojman pou senkan 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki sou wout pou l kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a.

"New York pran angajman pou l kreye nouvo opòtinite lojman nan chak kwen nan Eta a epi nou gen chans genyen kote tankou Corinth ki rantre nan Pwogram Kominote an Favè Lojman nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Riverview Apartments pote lojman abòdab ki nesesè anpil nan Konte Saratoga epi tou bay rezidan yo sèvis sipò kle, pandan y ap diminye emisyon nan bilding pou rive gen katye ki pi an sante ak yon eta ki pi pwòp ak pi vèt."

Riverview Apartments se yon devlopman lojman zewo emisyon epi li pa bezwen konbistib fosil. Yo chofe ak refwadi bilding nan avèk yon sistèm jwotèmik epi yo achte elektrisite nan yon etablisman solè kominotè. Pwojè a gen aparèy elektwomènaje ak aparèy limyè ENERGY STAR® tou, li gen aparèy pou konsève dlo epi li sèvi ak penti ak selan ki gen ti kras konpoze òganik ki pa volatil oswa ki pa gen ditou. Bilding lan te fèt an konfòmite ak règleman Nouvo Konstriksyon Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) – pwogram Lojman Nivo IV ak pwogram LEED for Homes V4.

Chak inite nan Riverview Apartments disponib pou fanmi ki touche jiska 60 pousan Revni Mwayen Zòn nan. 30 inite sipò yo rezève pou fanmi ki gen difikilte ak sanzabri oswa maladi mantal. RISE pral bay sèvis sou plas ki gen ladan sipò sante mantal,

fòmasyon sou konpetans pou viv endepandan, kowòdinasyon sèvis ak entèkansyon nan kriz.

Bilding lan gen yon sal kominote ki gen yon kwizin, sal lesiv, sal egzèsis, chanm depo bisiklèt ak aksè a entènèt rapid gratis. Yo ofri sèvis transpò sou plas pou rezidan yo.

Riverview Apartments jwenn sipò pwogram Kredi Taks Federal pou Moun ki Gen Ti Revni HCR la ki te jenere apeprè 11.8 milyon dola nan ekite, pwogram Kredi Taks Eta pou Moun ki Gen Ti Revni ki te jenere 3.6 milyon dola nan ekite, yon prè 2.3 milyon dola apati pwogram Opòtinite pou Lojman Sipò li a, yon prè 2 milyon dola apati pwogram HOME li ak yon prè 1.1 milyon dola ki soti nan pwogram Federal Fon Fidisi pou Lojman li a. Biwo Sante Mantal Eta New York la te bay yon sibvansyon devlopman pwojè 257,000 dola ak Nouvo Konstriksyon NYSEDA – pwogram lojman an te bay yon ankourajman 240,000 dola pou RISE. National Grid te bay yon ankourajman pou enèji pwòp 203,000 dola. Se Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) atravè OMH ki bay finansman operasyonèl apeprè 750,000 dola chak ane pou inite ki bay sipò li yo.

Agenda Lojman Gouvènè Hochul la.

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman New York la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi fasil pou tout Nouyòkè yo. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 25 la, Gouvènè a te jwenn yon akò enpòtan pou ogmante rezèv lojman New York la atravè nouvo ankourajman taks pou kominote nan Nò Eta yo, nouvo ankourajman ak soulajman ki soti nan kèk restriksyon Eta enpoze pou kreye plis lojman nan Vil New York, yon fon kapital 500 milyon dola pou konstwi 15,000 nouvo kay sou pwopriete eta a, yon lòt 600 milyon dola nan finansman pou sipòte yon varyete devlopman lojman nan tout eta a, ak nouvo pwoteksyon pou lokatè pwopriete yo. Anplis de sa, nan kad bidjè ane fiskal 2023 adopte a, Gouvènè a te anonse yon Plan Lojman senkan, 25 milya dola pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a, ki gen ladan 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay. Yo te kreye oswa konsève plis pase 45,000 kay jiska dat.

Nan mwa out, Gouvènè Hochul te anonse [Pwogram Kominote ki an Favè Lojman an](#). Sètifikasyon Kominote an Favè Lojman an se yon egzijans pou lokalite yo jwenn aksè jiska 650 milyon dola nan finansman opsyonèl eta a. Jiska prezan, gen plis pase 160 kominote sètifye, enkli Vil Corinth.

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Mwen fyè dèske Kredi Taks federal pou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba ke mwen te travay di pou pwoteje ak elaji te bay prèske 12 milyon dola pou ede konplete Riverview Apartments nan Corinth, sa ki pral bay plis fanmi yo kote ki an sekirite, abòdab, ak ekonomik nan enèji pou viv. Depans lojman ki wo se yon faktè kle enflasyon kidonk nou dwe konstui plis lojman pou travayè yo pou bese pri ki elve sa yo. Mwen bat bravo pou travay Gouvènè Hochul fè pou ogmante aksè ak lojman abòdab nan Konte Saratoga ak atravè New York, epi mwen pral kontinye travay pou bay resous federal pou asire ke chak Nouyòkè gen lojman."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Mwen kontan anpil pou m selebre anons sa a ki make yon gwo pa annavan nan efò nou pou nou bay kominote nou yo lojman ki aksesib ak dirab. Lè nou pwofite gwo finansman federal ak eta a, nou te kreye 60 nouvo kay abòdab zewo emisyon pou mendèv k ap grandi nan Rejyon Kapital nou an - yo chak ekipe ak sistèm jwotèmik ak enèji solè dènye modèl. Pwojè sa a se yon refleksyon angajman enkonidisyone nou pou agrandi lojman abòdab ak konbat kriz klimatik nou an, e mwen anvi kontinye efò nou pou asire tout Ameriken yo gen yon kote ki an sekirite, konfòtab pou yo rele lakay yo."

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York, te deklare, "Riverview Apartments ap ofri 60 fanmi apatman ki abòdab, an sekirite ak modèn ke yo ka rele lakay yo. Devlopman 24 milyon dola sa a montre priyorite Gouvènè Hochul pou bati plis lojman abòdab pandan y ap fè pak lojman nou an vin ekolojik. Pandan vil Corinth rejwenn plis pase 160 kominote atravè New York ki vin sètifye kòm kominote an favè lojman, nou espere wè plis pwojè tankou sa a nan rejyon an ak nan tout eta a."

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè OMH, te deklare, "Lojman sipò pèmèt moun k ap viv ak maladi mantal gen siksè sou wout yo nan rekipasyon an. 30 inite sipò yo nan Riverview Apartments pral bay lojman ki an sekirite ak estab avèk sèvis pou ede rezidan yo viv ak pwospere poukont yo nan pwòp kominote yo. Felisasyon ak anpil mès a RISE Housing & Support Services ak tout patnè nou yo nan kreye bèl nouvo kay sa a."

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Riverview Apartments enkòpore dènye karakteristik konstriksyon yo pou pèfòmans bilding ak rezistans ansanm ak ponp a chalè pou bezwen chofaj ak refwadisman pi efikas ak elekrisite ki mache ak pano solè kominote a. Ekipman modèn sa yo pral ede diminye emisyon kabòn sou plas ak pri enèji pou rezidan yo nan Konte Saratoga pandan y ap asire aksè a lojman konfòtab, an sante, abòdab ak sipò nan kominote yo."

Senatè Eta Jim Tedisco te deklare, "Lojman abòdab se yon pwoblèm enpòtan pou anpil Nouyòkè k ap viv sou revni fiks. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York pou efò yo fè nan konstwi 60 nouvo apatman abòdab nan vil Corinth ak 44yèm Distri Sena a avèk sèvis sipò pou rezidan ki ka bezwen yo pou yo viv poukont yo."

Manm Asanble Matthew Simpson te deklare, "Adisyon 60 nouvo inite lojman nan Corinth yo se yon bagay enkwayab. Avèk inite sa yo ki bay lojman solid ki soulaje defi nan zafè pri abòdab osi byen ke bay opòtinite lavi bon jan kalite bay granmoun aje yo ak moun k ap chèche opsyon sipò, kominote a gen asirans ke y ap byen sèvi l ak satisfè anpil bezwen l. Menmsi nou gen plis travay pou nou fè pou rezoud pwoblèm lojman abòdab an jeneral, sa a se yon gwo pa annavan pou zòn nan. Mwen remèsye Hudson River Community Credit Union pou jenewozite yo nan bay tè a epi mwen

eksprime rekonesans sensè mwen bay pati konsène eta ak lokal yo ki te fè pwojè sa a vin yon reyalite."

Majistra Vilaj Corinth, Terry Miller, te deklare, "Nouvo Riverview Apartments lan, nan vilaj Corinth lan fini. Se yon bèl etablisman. Pwosesis la ap fèt pou chwazi moun ki rete nan 60 inite yo. Etablisman sa a pral bay moun ki nan zòn nan ki bezwen lojman pou moun revni ba, granmoun aje ki gen revni fiks ak moun ki gen maladi sante mantal opòtinite pou yo viv nan yon etablisman bèl ak an sekirite. Sa a sètènman nesèsè nan Vilaj la ak Vil Corinth."

Direktè Egzekitif National Grid la, Kim Ireland, te deklare, "National Grid sipòte objektif enèji Eta a epi li fyè dèske li fè pati pwogram rabè Clean Heat la. National Grid te kapab bay plis pase 200,000 dola ankourajman pou pwojè Riverview Apartment ki pral ekonomize plis pase 2,100 MMBtu gaz natirèl ak 43,000 kWh elektrisite."

Prezidan Chanm Komès Konte Saratoga, Todd Shimkus, te deklare, "Pandan ekonomi Konte Saratoga a ap kontinye grandi, nou bezwen bati plis lojman abòdab pou plis moun ka viv ak travay nan kominote lokal nou yo, e se poutèt sa nou apresye lidèchip Gouvènè Hochul pou sipòte òganizasyon tankou RISE pandan y ap chèche bati pwojè konsa. Nou kwè chak inogirasyon Chanm Konte Saratoga a òganize se selebrasyon yon rèv ki vin reyalite, epi fini pwojè sa a vle di rèv plis pase 60 fanmi yo pral reyalize pandan y ap deplase nan yon nouvo kay nan Riverview Apartments. Felisitasyon a tout moun nan nivo eta a, konte a ak lokal ki te jwe yon wòl nan fè jounen sa a ak pwojè sa a posib."

Direktè Egzekitif Sèvis Lojman ak Sipò, Sybil Newell, te deklare, "Mwen tèlman kontan wè pwojè Riverview la reyalize. Sa a se te yon pwojè kolaborasyon toutbon depi premye jou a, epi kounye a kapab bay lojman abòdab nan nò Konte Saratoga se yon bèl siksè. Mèsi Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote nan Eta New York ak Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta New York paske nou se patnè enkwayab kòm dabitid. Epi yon gwo mèsi pou Hudson River Community Credit Union paske li te bay pwopriyete kote Riverview kanpe kounye a. Nou pa ka tann pou nou kontinye kolaborasyon nou."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)